



Manje gratis pandan ete

Chè Nouyòkè,

Ane lekòl la prèske fini, men nan Lekòl Leta Vil Nouyòk, nou sèvi manje ki gen bon gou pandan tout ane a. Pwogram manje ete nou an gratis epi li disponib pou tout moun ki abite Nouyòk jiska laj 18 ane. Pa gen okenn dokiman, enskripsyon, ni ID ki obligatwa. Elèv ka jwi opsyon manje maten ak manje midi ki gen bon gou ak nourisan tankou *pancake* kanèl, pwa blan ak pasta primavera, tako kodenn, ak zukini ete.

Men kèk detay enpòtan: Sèvis manje ete nou an kòmanse nan dat 27 jen epi l ap kontinye jiska dat 30 out. Yo ofri manje maten apati 8:00 pou 9:15, epi manje midi apati 11:00 pou 1:15. Yo sèvi manje lendi jiska vandredi, eksepte 4 ak 5 jiyè.

Manje pandan ete yo disponib nan apeprè 500 lokal nan tout vil la, ladan kèk lekòl, pak, bibliyotèk, ak pisin kominotè (ki sèvi manje pandan wikenn tou) yo chwazi. Pou jwenn lokal ki pi pre w la, rele 311, ale sou [paj wèb manje pandan ete](#) nou an oswa, apati 27 jen, voye tèks nan, “NYCFOOD” oswa “NYCCOMIDA” nan 304-304.

Anplis pwogram manje pandan ete regilye nou an, nou ofri manje midi tou sèt jou pa semèn atravè kamyon manje nan Brooklyn (Prospect Park), Manhattan (Sara D. Roosevelt Park), ak Bronx (Ferry Point Park). Fanmi ki enterese ka jwenn plis enfòmasyon sou [sitwèb](#) nou an.

Finalman, mwen dwe mansyone elèv ki nan klas Kindergarten rive 8yèm ane k ap patisipe nan [Summer Rising](#) resevwa tou manje maten, manje midi, ak yon snack nan apremidi gratis nan lokal Summer Rising yo ye a.

Kèlkeswa lè nan ane a, manje nourisan esansyèl pou timoun aprann ak grandi; rechèch montre nou sante fizik se fondasyon siksè akademik, devlopman sosyo-emosyonèl, ak byennèt jeneral. Mwen fyè pou mwen di nan Vil Nouyòk, nou investè anpil pou asire tout elèv nou yo manje ak byen nourri.

Manm estaf, tanpri gaye pawòl la sou pwogram manje ete nou an. Fanmi, tanpri pwofite anpil avantaj nan lokal kote y ap bay manje nou yo pandan mwa jen, jiyè ak out sa a. Epi pou tout moun, mwen swete nou yon ete amizan ak nourisan!

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou a.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).